

# seeing possibilities

...epi ede moun vin endepandan

# NYSCB

## Pwofesyonèl Medikal | Enfòmasyon

Li difisil pou gen pou fè yon pasyan konnen li avèg legalman. Lè ou se yon pratisyen medikal, ou kapab bay èd ak lespwa menm nan mitan dyagnostik chanjman lavi lè ou bay pasyan ou referans pou ale nan Komisyon Eta New York pou Moun ki Avèg [New York State Commission for the Blind (NYSCB)], ajans reyabilitasyon pwofesyonèl Eta ki ede moun ki avèg yo oswa moun ki gen twoub pou wè mennen lavi yo yon fason ki endepandan.

### Kalifikasyon

NYSCB bay sèvis pou moun tout laj ki avèg legalman nan Vil New York epi ki gen yon akuite vizyèl 20/200 oswa mwens nan zye ki pi bon oswa ki pi fèm yo avèk pi bon koreksyon, oswa yon chan vizyon 20 degre oswa mwens ki gen restriksyon nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan.

### Sa Nou Fè

Espesyalis Reyabilitasyon Vizyon NYSCB kapab bay fòmasyon pou gen ladrès pou vwayaje ak viv pou ede moun yo toujou rete endepandan lakay yo, nan travay yo ak nan kominote a. Pami sèvis yo, kapab genyen:

- Sèvis konsèy, evalyasyon ak travay sosyal
- Enstriksyon konsènan mobilite ak ansèyman sou reyabilitasyon
- Aparèy pou fè vizyon ak teknoloji sipò plis fòmasyon sou fason pou itilize yo

Pou moun k ap travay nan moman an oswa k ap chèche travay, Konseye Reyabilitasyon Pwofesyonèl NYSCB yo travay pou idantifye epi satisfè bezwen yo pou siksè nan travay epi pou bay èd nan tout pwosesis pou chèche travay ak nan pwosesis anbochaj la.

Anplwaye espè nou yo travay avèk yon rezo gwoup non-komèsyal, ajans reyabilitasyon ak vandè prive pou yo toujou jwenn enfòmasyon sou dènye avansman yo pou espas travay ak teknoloji nan kay ak fòmasyon pou moun ki avèg ak moun ki gen twoub vizyèl. Yo ofri tout sèvis yo gratis pou pasyan nou yo.

### Pou Moun Ki Gen Twoub Vizyèl Epi Ki Pa Avèg Legalman

Moun ki gen twoub vizyèl k ap vin grav ofi-amezi epi ki poko avèg legalman ka kalifye pou Pwogram Job Save. Anplwaye pwogram nan rekòmande amelyorasyon nan espas travay ak fòmasyon pou ede pasyan yo konsève travay yo epi pou adapte yo avèk andikap yo. NYSCB kapab ede patwon yo fè aranjman ki nesèsè yo.

### Pou Bay Yon Pasyan Referans Pou Ale nan NYSCB

- Bay pasyan ou enfòmasyon pou li kontakte NYSCB.
- Pou pasyan doktè dekouvri ki avèg legalman, bay avi ki obligatwa a nan Rejis Eta New York pou Moun ki Avèg.

*Tanpri sonje: Pasyan yo dwe kontakte NYSCB pou yo jwenn sèvis yo. Avi ou obligatwa, men sa pa vle di yon kontak otomatik avèk NYSCB. Se sèlman premye etap la.*

### Fason pou Kontakte NYSCB

1-866-871-3000 oswa [www.visionloss.ny.gov](http://www.visionloss.ny.gov)

#### Albany

40 N. Pearl St., 10th Fl., Ste. D  
Albany, NY 12243  
(518) 473-1675

#### Adrès Postal

52 Washington St.  
Rensselaer, NY 12144

#### Buffalo

295 Main St., Rm. 590  
Buffalo, NY 14203  
(716) 847-3516

#### Harlem

163 West 125th St., Rm. 209  
New York, NY 10027  
(212) 961-4440

#### Hempstead

50 Clinton St., Ste. 208  
Hempstead, NY 11550  
(516) 564-4311

#### New York City

80 Maiden Lane, 23rd Fl.  
New York, NY 10038  
(212) 825-5710

#### Rochester (Outstation)

259 Monroe Ave., Sal 303  
Rochester, NY 14607  
(585) 238-8110

#### Syracuse

100 S. Salina St., Ste. 105  
Syracuse, NY 13202  
(315) 423-5417

#### White Plains

445 Hamilton Ave., Sal 503  
White Plains, NY 10601  
(914) 993-5370



NYSCB se yon divizyon Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York (New York State Office of Children and Family Services).



Andrew M. Cuomo, Gouvènè

PUB-5154 (10/2013)